**दिन–सोमवार** **दिनांक–26.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्र आइ सतहत्तरम गणतंत्र दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू नव दिल्ली के कर्तव्य पथ स्थित विजय चौक पर झंडोत्तोलन कयलनि आ परेडक सलामी लेलनि। एहि वर्ष परेडक थीम– स्वतंत्रता का मंत्र वंदे मातरम् आ समृद्धि का मंत्र आत्मनिर्भर भारत पर सांस्कृतिक विविधता आ सैन्य शक्ति के अद्भूत संगम प्रस्तुत कयल गेल। परेडक शुरू भेला सँ पहिने प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी राष्ट्रीय समर स्मारक पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। यूरोपीय परिषदक अध्यक्ष एंटोनियो कोस्टा आ यूरोपीय आयोगक अध्यक्ष उर्सूला वॉन डेर लेयेन मुख्य अतिथि के रूप मे सम्मिलित भेलीह।

---

कर्तव्य पथ पर आयोजित समारोह मे बिहार झांकी सेहो प्रस्तुत कयल गेल। **मखाना, लोकल से ग्लोबल की थाली में, सुपर फूड** के थीम पर प्रस्तुत झांकी मे मखानक खेती, ओकर प्रसंस्करण आ ओकर पैकेजिंग के पूरा प्रक्रिया के दर्शाओल गेल। कर्त्तव्य पथ पर आयोजित समारोह मे पांच महिला मुखिया सहित बिहारक एगारह जनप्रतिनिधि सेहो सम्मिलित भेलाह।

---

गणतंत्र दिवस के लऽकऽ राजधानी पटना सहित पूरा प्रदेश मे उत्सवक वातावरण अछि। मुख्य समारोह पटना के गांधी मैदान मे आयोजित कयल गेल, जतऽ राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां झंडोतोलन कयलनि आ परेडक सलामी लेलनि। एहि अवसर पर राज्यवासी लोकनि के संबोधित करैत श्री खां कहलनि जे बिहार मे कानूनक राज्य बनौने राखब सरकारक प्राथमिकता अछि। ओ कहलनि जे सरकार सामाजिक न्याय के संग विकासक सिद्धांत पर आगां बढ़ि रहल अछि। राज्यपाल कहलनि जे युवा लोकनि के नोकरी आ रोजगार उपलब्ध करायब सरकारक प्राथमिकता अछि। एहि अवसर पर बारह विभागक दिस सँ झांकी प्रदर्शित कयल गेल। परेड मे पुलिस, अर्द्ध सैनिक बल आ सेना के एकैस टुकड़ी भाग लेलनि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एक अणे मार्ग स्थित मुख्यमंत्री आवास मे झंडोत्तोलन कयलनि आ तिरंगा के सलामी देलनि। विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार विधानसभा परिसर मे झंडोत्तोलन कयलनि आ परेडक सलामी लेलनि। विधान परिषद परिसर मे सभापति अवधेश नारायण सिंह झंडोत्तोलनि कयलनि आ तिरंगा के सलामी देलनि। पटना हाईकोर्ट के मुख्य न्यायाधीश संगम कुमार साहु उच्च न्यायालय परिसर मे झंडा फहरौलनि। ओतहि, जदयू कार्यालय मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा झंडोत्तोलन कयलनि। भाजपा प्रदेश कार्यालय मे आयोजित समारोह मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी झंडा फहरौलनि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता आ पदाधिकारी उपस्थित छलाह। एम्हर, राजद प्रदेश कार्यालय मे प्रदेश अध्यक्ष मंगनी लाल मंडल झंडोत्तोलन कयलनि आ परेडक सलामी लेलनि। आकाशवाणी पटनाक केन्द्राध्यक्ष एच.डी. सिडाम परिसर मे आयोजित समारोहक दरमियान झंडोत्तलन कयलनि आ अधिकारी तथा कर्मचारी लोकनि के संबोधित कयलनि। दरभंगा जिला मे प्रमंडलीय आयुक्त हिमांशु राय नेहरू स्टेडियम मे आयोजित गणतंत्र दिवस समारोह मे झंडोत्तोलन कयलनि आ तिरंगा के सलामी देलनि।

———————————————————————————

केन्द्र सरकार वर्ष दू हजार छब्बीसक लेल विभिन्न क्षेत्र मे उल्लेखनीय योगदान देबऽवला बिहारक तीन हस्ती सहित देशक एक सय एकतीस हस्ती लोकनि के पद्म श्री पुरस्कार सँ सम्मानित करबाक घोषणा कयलक अछि। लोक गायक भरत सिंह भारती आ लोक नृतक विश्वबंधु के कला, तथा कृषि तकनीक विशेषज्ञ गोपालजी त्रिवेदी के विज्ञान आ अभियांत्रिकी के क्षेत्र मे पद्मश्री देबाक घोषणा कयल गेल अछि। पटनाक विश्वबंधु के मरणोपरांत पद्म श्री पुरस्कार प्रदान कयल जायत। ओतहि, मुजफ्फपुर निवासी गोपालजी त्रिवेदी पेशा सँ कृषि वैज्ञानिक आ लीची किसान छथि।

———————————————————————————

बिहारक बाईस पुलिसकर्मी लोकनिक चयन राष्ट्रपति पदक सम्मानक लेल कयल गेल अछि। एहि मे तीन के वीरता पदक, दू के विशिष्ठ सेवाक लेल राष्ट्रपति पदक आ सत्रह के सराहनीय सेवा पदक भेटल अछि। पुलिस महानिदेशक ऑपरेशन– कुंदन कृष्णन, सेवानिवृत पुलिस उपाधीक्षक अर्जुन लाल आ दरोगा जितेन्द्र सिंह के वीरता पदक देल जयबाक घोषणा कयल गेल अछि। ओतहि, पुलिस उपाधीक्षक उमेश लाल रजक आ एएसआई नवरत्न कुमार के विशिष्ठ सेवा पदक सँ सम्मानित कयल जायत।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार काल्हि समृद्धि यात्रा के अंतर्गत मधुबनी जिला मे विभिन्न विकास योजना सभक शिलान्यास आ उद्‌घाटन करताह। श्री कुमार अररिया संग्राम मे मिथिला हाट फेज टू रिवर फ्रंट विकास काजक निरीक्षण करताह। एकर संगहि अररिया संग्राम पंचायत भवन परिसर मे जीविका भवनक लोकार्पण करताह। ओ जीविका दीदी सभक स्टॉल के निरीक्षण सेहो करताह। मुख्यमंत्री संवाद कार्यक्रम के संबोधित करताह संगहि अधिकारी लोकनिक संग जिला मे चलि रहल विकास योजना सभक प्रगति के समीक्षा सेहो करताह।

———————————————————

पटना के मोइनुल हक स्टेडियम मे खेलल गेल फाइनल मोकाबिला मे बिहार मणिपुर के पांच सय अठसठि रन सँ पराजित कऽ रणजी ट्रॉफी प्लेट ग्रुपक खिताब जीत लेलक अछि। एहि जीतक संगहि बिहार एलिट ग्रुप मे प्रवेश कऽ गेल अछि।

———————————————————

समाप्त